Өзбекистан Республикасы Халық билимлендириў ўәзирлиги

Әжинияз атындаы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

**ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ КАФЕДРАСЫ**

Қарақалпақ тили ҳәм әдебияты 3-в курс студенти

Айтымбетова Мадинаның

# *КУРС ЖУМЫСЫ*

**Ғәрезсизлик дәўириндеги поэзия**

Нөкис -2013

Тема: **Ғәрезсизлик дәўириндеги поэзия**

**Жобасы**

КИРИСИЎ

1 бөлим. Ғәрезсизлик дәўирдеги мәлений өмир.

2 бөлим. Ҳәзирги дәўирдеги поэзияның тематикасы, формалық, жанрлық өзгешеликлери, идеялық бағдарлары

**Жуўмақлаў**

**Әдебиятлар дизими**

# Кирисиў

Елимиз ғәрезсизлик алғанға шекем поэзия жанрында шығармалар дөреткен авторлар, алыс өтмиш ўақыяларына, аўдарыспақ алдындағы ямаса сол дәўирдеги ўақыяларды сүўретлеўге умтылды. Бул жолда олар, әлбетте, белгили табысларға еристи. Бирақ, бунда коммунистлик идеологияның тәсири басым болды. Мәселен, 1920-30-жыллардағы қыян-кести тарийхый ўақыялар, жәмәәтлестириў ҳәм советлестириўге байланыслы кеңес ҳүкиметиниң жүргизген сиясаты ҳаққында ҳақыйқатлықты, ол дәўирдиң қарама-қарсылықлы ҳәдийселери ҳаққында шынлықты жазыў мүмкин болмады. Ал, егер бул темаға арналған дөретпелер жазылса да, олар сиясий қәлиплердиң шеңберинен шығып кете алмады. Бунын тәсири жазыўшы-шайырлар бир-бирине қарама-қарсы класслардың гүресине шеннен тыс итибар бериўлеринде, қарақалпақ урыўлары арасындағы ала-аўызлықты ҳәдден тыс бөрттирип көрсетиўлеринде, ийшанларымызға, бурынғы зиялыларымыз болған рууханийлердиң келбетине қара бояўларды аяўсыз жағыўында, жасалма конфликт жасаўға умтылыўшылықта, шора ҳүкимети ўәкиллериниң образын шеннен тыс идеалластырып сүўретлеўлеринде ҳ.т.б көринди.

Әлбетте, аўдарыспақ ҳәм жәмәәтлестириў дәўири темаларына арналған көплеген дөретпелер пайда болды. Олардың арасында сәтли жазылып, пүткил Өзбекстан, ҳәттеки бурынғы Аўқам көлеминде танылғанлары да болды.

Сонлықтан да, биз ҳәзирги әдебизntf елеўли ўақыя болған, әдебият ықласбентлериниң дыққатын өзине тартқан қосық поэмаларды талқылаў менен шекленемиз. Бунда бизге әдебий дөретпениң көтерип шыққан проблемасының әҳмийети ҳәм оған көркем форманың сәйкеслиги баслы критерия болады. Бул әдебий категориялардың екеўи де бир-бирине сай болмаса жазыўшының алдына қойған мақсетиниң иске асыўы қыйын. Буған қосымша, ҳәзирги дәўирде тек ғана реализм методының қурсаўында қалып қоймай, ал Батыс Европа, рус, ҳәттеки, түркий әдебий-эстеткалық ой дүньясында жанланып қалған модернизм ҳәм абсурд әдебиятының дәстүрлерине деген жазыўшыларымыздың қатнасы да нәзеримизден шетте қалмайды.

Демек, биз ҳәзирги әдебиятты таллаў бойынша айтылған бул пикирлерди есапқа алыўымыз керек. Буның үстине XX әсирдиң 90-жылларының басында Бурынғы Аўқам усаған тоталитар дизимге тийкарланған мәмлекеттиң ыдыраўы, оның баслы идеологиялық қуралы болған коммунистлик ойлаўдың адамлардың санасынан

әсте-әсте сығып шығарыла баслаўы, оның орнын адамзаттың әсирлер бойы жыйналған философиялық, этикалық, эстетикалық, ҳуқықый билим қорлары системасының ийелей баслаўы бизиң әтираптағы жәмийетлик ҳәм тәбият қубылысларына, соның ишинде, турмысымыздың ажыралмас бир бөлеги болған көркем әдебиятымызға деген қатнасымызды да пүткиллей өзгертип жиберди десек, асыра силтеген болмаймыз.

Инсан руўхының қурамалы тәбиятын – оның умтылысын, сезим туйғысын, қуўаныш ҳәм қайғысын, көтериңки ҳәм түсиңки кейпиятын бериўде жазыўшыларымыз тек реализмниң сүўретлеў принциплери менен шекленип қалмастан, модернизм әдебиятының, сондай-ақ, дүньяға деген мифологиялық, мистикалық, иләҳий көз-қараслардың мүмкиншиликлеринен де пайдаланыўға умтылмақта. Мәселен, И.Юсуповтың «Посейдонның ғәзеби», «Мәмелек ой», «Ўатан топырағы», «Бүлбил уясы», Б.Генжемуратовтың «Мөдихан сөзи ямаса Қытай жипегине жазылған битик» поэмаларын алып қарайық. Бул дөретпелер көлеми, мазмуны ҳәм формасы, көтерип шыққан проблемасы, жанр ҳәм стили бойынша жүдә ҳәр қыйлы болыўына қарамастан, оларды бир нәрсе бирлестиреди.

Бүгинги лириканың өзине тән өзгешеликлери, қосықтағы миллий идея ҳәм миллий ғәрезсилик идеологиясының сәўлелениў

мәселелери, бүгинги күн поэзиясында поэтик образ ҳәм мотив, бүгинги поэмашылықтағы изленислер, жаңаланыў жөнелиси, лирик поэмалар, эпик элементи басым поэма-дәстанлар, лиро-эпик поэма-дәстанлар ҳаққында пикир жүритиўди мақсет туттық.

Усы мақсетлеримизге ерисиў ушын биз жумысымызда ҳәзирги поэзия ҳәм оның өзине тән өзгешеликлери.

Ҳақыйқатында да, ҳәзирги әдебияттағы поэзия Ә.Пахратдинов, К.Алламбергенов, М. Бекбергеновалардың(ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис., 2011.), Қ.Оразымбетов (Ҳәзирги қарақлапақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы.- Нөкис: Билим, 2004.) усаған бир қатар илимпазлар мақалаларында, китапларында сөз болды.

## 1 бөлим. Ғәрезсизлик дәўирдеги мәлений өмир.

Ғәрезсизликтиң руўхый өмиримизге тийгизген тәсири биринши гезекте поэзияда, әсиресе оның лирик формаларында бирден көринис таба баслады. Шайырларымыз мәдениятқа, сөз өнерине болған дөретиўшилик қатнасларын өзгертип, өзлери сүўретлеп отырған турмыс ҳәдийселерин жаңаша идеялық-эстетикалық өлшем тийкарында жаза баслады. Олар өз қосықларында Ўатанға, ғәрезсизликке деген халықлық қуўаныш-қанаатланыўшылықты, бийғәрез жарқын келешекке болған исенимди бас идеялық сүтин етип алды. Сонлықтан да олардың қосықларында адамлардың өзлигин аңлаў, миллий мақтаныш, ар-уят, өтмиштеги миллий қәдириятларымызды улығлаў, ғәрезсизликке деген беккем исеним сезимлери күшли аңласылып турды. Қулласы, бул жыллардағы поэзияда Ўатан, ғәрезсизлик, оның халқымызға, миллетимизге табыс еткен бахыт, интизамларын сүўретлеў биринши жобаға қойыла баслады ҳәм ол тек ғана лириканың емес, пүткил поэзиямыздың ең баслы темасына айланды. Ғәрезсизлик ҳәм оның шарапаты менен жүзеге келген соңғы он жыллықтағы жаңалықлар шайырларымыздан Байнияз Қайыпназаров, Хожабек Сейтов, Халмурат Сапаров, Қалый Жуманиязов, Толыбай Қабулов,

Жийенбай Избасқанов, Халила Дәўлетназаров, Шарапатдин Аяпов ҳәм тағы басқалардың қосықларында йошлы жырланыў тапты.

Журтшылыққа өзиниң “Аптаптың өмири”, “Саратан”, “Айға қадалған оқ” топламлары менен белгили болып қалған шайыр Бахтияр Генжемуратов Ғәрезсизликтиң 10 жыллығына байланыслы Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы жәриялаған “Истиқлол тонги” конкурсында “Модихан сөзи, яки Қытай жипегине жазылған битик” тарийхый поэмасы ушын екинши сыйлықты, Х.Сапаров балаларға арналған қосықлары ушын хошаметлеў сыйлығын жеңип алыўға миясар болды.

Бул шайырлар өз қосықларында жаңа Ғәрезсизлик заманының басланғанын, Ўатан, миллет, халық қайта туўылып атырғанлығын, миллий ояныў дәўириниң келгенлигин, Өзбекстанның, Қарақалпақстанның абат ҳәм азат Ўатан екенлигин жырлап, халықты Ғәрезсизликтиң қәдирин билиўге, оны қорғаўға, бул ушын ҳәр бир адам биринши гезекте Ғәрезсизлик руўхында пәклениў, жаңаланыў кереклигине, ғәрезсизликке миннетдар болыўға шақырды.

“Шынлыққа үйренген, шынлықты сөзлер,
Мәртликке үйренген мәртликти гөзлер,
Мәртлерден үйренген мәртлермиз бизлер,

Бизлер миннетдармыз ғәрезсизликке”,-

деп жазды бул ҳаққында “Ғәрезсизликке” деп аталған қосығында

Шайырларымыз Ғәрезсизлик түсинигин Ўатан түсинигиниң символы сыпатында сезинди, бул еки түсиникти бир-биринен бөлип алып қарамады. Оларға Президентимиздиң “Бул әзиз Ўатан-бәршемиздики” деген ураны йош, илҳам бағыш етти. Сонлықтан да олар өз қосықларында биз Уллы Өзбекстанның, Қарақалпақстанның пухарасымыз, биз Өзбекстанлымыз, деген қуўаныш ҳәм мақтаныш сезимлерин барлық нәрселерден жоқары қойып жырлады:

“Ана журтым,-Түркистаным,

Өзбекстан-меҳрибаным,

Түби теклес-тәним-жаным,

Қарақалпақстанымсаң,

Заўықлы, сәнли бостанымсаң” (Хожабек Сейтов “Ана журтым-дәстанымсаң”).

Ғәрезсизлик бағыш еткен ел-журт ҳаққындағы усындай сезимлер Ўатанға болған сап муҳаббат, ондағы миллетлер ара татыўлық, дослық темалары Ибрайым Юсуповтың “Мустақиллиқ майданынан өткенде”, “Төк таўындағы ойлар”, Қалый Жуманиязовтың “Ғәрезсиз өмирдиң дәўраны келди”, Марат

Қарабаевтың "Байрам келди", Т.Қабуловтың "Бәрекелла, заманым", "Қарақалпақстан-әжайып дияр", Ш.Аяповтың "Ўатан", Ҳ.Айымбетовтың "Өзбекстан", Ә.Әжиниязовтың "Өзбекстан-Ўатаным мениң", Н.Әметовтың "Әзиз Ўатанымсаң Өзбекстан" қосықларында да өзиниң ҳақыйқый көркем сәўлелениўин тапты.

Әлбетте, бул қосықлар бәлент-пәрўаз шақырықлардан қуры алақан емес еди. Лекин бул шақырықлар шын кеўилдиң шақырығы-Ғәрезсизликтиң қәдирине жетиў ҳаққындағы шақырықлар еди. Сол ушын да олар бүгинги күнди кешеги искенжели тоталитар дәўирдиң ўақыялары менен салыстырып жырлаўды да ҳеш ядтан шығармады. Ғәрезсизлик басып өткен бул қыйын ҳәм даңқлы жолды көрнекли шайырымыз Ибрайым Юсупов өзиниң "Мустақиллиқ майданынан өткенде" деген қосығында былайынша тәриплейди:

Ақ мал, Аллаярлар атылып кеткенде,
Жаўлар Қадрийди қатил кеткенде,
Шараф атлы инсан уйқысын бузып,
Қәбиринен шығарып алып кеткенде...
Бәри көз өңимнен өткендей болды,
Мустақиллиқ майданынан өткенде

Ғәрезсизлик дәўири поэзиясында Ғәрезсизлик темасы менен бир қатарда бурыннан киятырған дәстүрий темалар да жаңаша

миллий ғәрезсизлик көз-қарасы руўхы тийкарында жырланыў даўам етти. Б.Қайыпназаровтың “Таң гүли”, И.Юсуповтың “Беглигинди бузба сен”, К.Рахмановтың “Мәнзилим алыс”, Ж.Избасқановтың “Муҳаббат лирасы”, Ш.Аяповтың “Лирика”, Т.Сәрсенбаевтың “Таңырқант”, Ә.Өтепбергеновтың “Дүнья бир әжеп жайдур”, “Дозақ ишинде”, Н.Әметовтың “Дәўран”, “Ығбал”, Н.Төрешованың “Перийзат”, жас шайырлар Б.Сейдабуллаевтың “Апаттан қутқарың, адамлар!”, Т.Жийемуратовтың “Ушыраттым бир гөззалды”, Г.Дәўлетованың “Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял”, Ж.Өтениязовтың “Шолақ жайын” сыяқлы қосықлар ҳәм поэмалар топламлары, мине, усы дәўирдеги ҳәр қыйлы тематикада жазылған шығармалар болды. Мысалы, бул топламларда И.Юсупов Ғәрезсизлик алып келген уллы өзгерислерди, Аралды, экологияны, миллий қәдириятларды қорғаў мәселелерин сөз етсе, Ж.Избасқанов өзиниң түпкиликли темасы муҳаббат ҳәм тәбиятты жырлаўға садық қалды. К.Рахманов болса әдеттегидей өмир ҳаққында толғанысларға көбирек кеўил бөлди.

## 2 бөлим. Поэзияның тематикасы, формалық, жанрлық өзгешеликлери, идеялық бағдарлары

Ғәрезсизлик дәўирдеги поэзияның тематикалық, формалық көп түрлиликлер әсиресе эпикалық поэзияда айқын көзге тасланады. Бул дәўирде урыс ҳәм оның ақыбетлери темасына бағышлап И.Юсупов “Бүлбил уясы”, Б.Қайыпназаров “Алтын жүзик”, Ж.Избасқанов туўылған жер, Ўатан азатлығы ушын жанын пидә еткен қаҳарманлар ҳаққында “Қамал”, Б.Генжемуратов өтмиштеги ата-бабаларымыздың ғәрезсиз түрк мәмлекетин дүзиў ушын алып барған гүреслерине бағышлап “Модихан сөзи, яки Қытай жипегине жазылған битик”, Н.Төрешова тунғыш муҳаббат темасында “Перийзат”, Ш.Аяпов туўылған жер тәбияты ҳәм оның ҳәзирги экологиялық ҳалаты ҳаққында “Жан даўысы” поэмаларын дөретти. Усылардың ишинде Ж.Избасқанов поэмасы драмалық формада жазылса, Н.Төрешова лирикалық, Ш.Аяпов публицистикалық, Б.Генжемуратов тарийхый формаларды таңлаған.

Жас шайыр Ж.Өтениязовтың “Шолақ жайын” ертек-поэмасы экология мәселесин сөз етеди. Балалар “Шолақ жайын” ҳаққында қызықлы ертекти оқып отырып, тәбияттың дөретпелерин орынсыз заяламаў кереклигине ой жуўыртады. Ертек-поэмадағы “Шолақ

жайын” аңларды, қусларды көп атқан, балықларды қырған адамларды жутып, терең көлге түсип кетеди. Оны ҳәзирги водолазлар да көрип ҳаўлығып:

“Ҳәй, инсанлар, усы пәтте,

Тәбиятты ўайран етпең,

Ашыўына тиймең әбден,

“Шолақ жайын” еркин жүрсин!” деп шақырық таслайды.

Ғәрезсизлик дәўири поэзиясында Халийла Дәўлетназаров жүдә теперишлик пенен көрине баслады. Х.Дәўлетназаровтың туңғыш қосықлар топламы “Хат” (1980), “Сен маған керексең” (1986), “Сен жақсы қызсаң” (1989) топламлары менен 80-жыллардан-ақ өз оқыўшыларына кеңнен танылып қалған еди. Ғәрезсизлик жылларында “Ашық болмаған ким бар” (1991), “Хош қал, жаслығым” (1993), “Әлўидағ, муҳаббат, әлўидағ!” (1993) деген атамалар менен лирикалық қосықлар китаплары басылып шықты. Автордың қәлеминен қосықлардан да басқа “Ҳәсирет ҳәўири”, “Парахатшылық ҳаққында сөз”, “Анама хат”, “Бүлбил пығаны”, “Қарақалпақ баязы”, “Ийесиз журт”, “Зийўарий шежире”, “Шөлиркеў азабы”, “Әлўидағ муҳаббат, хош жаслығым” атлы поэмалары да кең жәмийетшилик дыққатына усынылды.

Ҳәзирги әдебий жөнелистиң поэзиядағы улыўмалық сыпатламасы, мине, усылардан ибарат. Пикиримиз жадағай болмаўы ушын әдебий жөнелистиң поэзиядағы баслы-баслы белгилерин өз дөретиўшилиги бойына жәмлеген айырым шайырлардың шығармаларына таллаў жасап өтейик.

XX әсир поэзиясында қандай салмақлы орын ийелеген болса, И.Юсупов ҳәзирги әдебий жөнелисте де мәлим дәрежеде өз таңбасын қалдырып киятырған шайырлардан. Мысалы, оның мифлик, аллегориялық усыл менен жазылған поэмаларынан: “Бүлбил уясы”, “Мәңги булақ”, “Посейдонның ғәзеби”, “Ески фонтан ертеги” шығармалары характерли. Бул дөретпелер образлар системасы, жанрлық өзгешелиги, сюжетлик қурылысы, тематикасы жағынан үлкен излениўшиликтиң жемиси екенлигин көрсетип турады.

Шайырдың кейинги жыллары дөретилген “Бүлбилдиң уясы” поэмасы ҳаққында поэзия изертлеўшилери еле жеткиликли дәрежеде пикир билдирмеди. Бул дөретпе XX әсирдеги қайғылы тарийхый ўақыяны сәўлелендиреди. Шығарма сюжети өзгеше раўажландырылады. Метафоралық сүўретлеў арқалы инсан тәғдири сөз қылынады.

Сөз бар: гүл ышқында сайрарда бул қус ,

Өз жүрегин шоқып қанатадымыс.

Сөйтип болып, таң атқанша бағларда,

Дәртин сайрар дейди бир тынбай байғус...

Бул бир муқаддес қус ҳәмме жерде бар,

Ҳәр бағдың хош ҳаўаз бүлбили болар.

Ашықларға муңлас,

Шайырға сырлас,

Бағ таппаған жерде шеңгелге қонар...

Шайырдың “Мәңги булақ” (абиҳаят) поэмасы да ҳәзирги әдебий жөнелисте салмақлы орын тутады. Поэма әпсанаўий-фантастикалық шығарма болып, онда мынадай қаҳарманлар қатнасады: Искендер патша (Александр Македонский) - Жәҳәнгир шах. Әрасту (Аристотель) - әййемги грек алымы, Асқар - тас қашап мүсин соғыўшы скульптор жигит, Ғарры аңшы - Асқардың атасы. Птоломей - Искендер патшаның әскербасысы. Онесия - Аязханның қызы, Асқардың қалыңлығы. Онесия-2 - Онесияның шаўлығынан туўған қуўлық қызы, Сулайман - патшаның қуў геллеси. Мәңги суў излеўшилер, негр баласы, гидрологлар, психиатр врачлар, академик, юрист, гид, дийқанлар, ойыншы қызлар, сарай адамлары ҳәм т.б.

“Мәңги булақ” поэмасында сюжеттиң көркем қурылғанлығы, образлардың шебер жасалғанлығы, композициялық қурылыстағы изленислер айқын көзге тасланады. Асқар, Онесия, патша және Искендер образларының көркемлик пенен дөретилгенлигин айрықша белгилеў керек. Әрастудың тилинен өмирдиң мәңгилиги, тәбияттың уллылығы баян етиледи:

“Көрип турман қанша дәўирлер өткен,
Қанша уллылықлар жоғалып кеткен,
Тек сен барсаң, бар тек ана тәбият,
Ҳәм ақыл булағы - бар инсаният!”

Искендер патшаның қүдиретлилиги анық белгиленеди:

“Мәңги суўды таўып бериң сиз әўел,
Ал заманлар менен тил табыў жағын,
Оннан кейин бизге қоя бер, устаз.
Заманларды жаратаман өз қолымнан,
Заман ағымы дәрья болса егер де
Жулдыздай ҳесапсыз ләшкерим менен,
Ол дәрьяны бурып жиберемен мен”.

Асқардың образын шайыр көркемлик пенен жаратады, мәртлик руўхый кәмиллик-оның негизги қәсийетлери сыпатында белгиленеди:

“Сүўретлеймен мәңги өмир дарахтын,
Уллы тәңирим қуяш оның шақасын,
Күнге бөлеп, нурын қуйып турады.
Оның терең тамырларын төменде,
Абыҳаят суўы жуўып турады.
Бир жағында әдалатлық қудайы,
Тик жар тасты қулап кетпеўи ушын,
Мықлы ийни менен турады сүйеп,
Муҳаббаттың пийри анамыз Ақшолпан,
Мәңги булақ етип ақ көкирегин,
Мийрим сүтин берип турар өмирге!!!”

Поэмада инсан сезимлерининң уллылығы патшаның тилинен баян қылынады:

“Жүрек деген жанып баратыр устаз,
Жанды өртемекте ашықлық оты.

Сонша қысым қылып шыбын жаныма,
Неге керек еди сонша урыслар?”
Жети ықлым дүнья не дәркар еди?
Мен патша емеспен, әй дүнья саған!
Кисилигин патша тахтым тәрк етти.
Муҳаббаттың гедайыман мен енди!”

И.Юсуповтың “Мәңги булақ” поэмасында көп санлы усындай мәселелер ортаға қойылады. Шығармада шайырдың көркем қыялы сәтли шыққан. Поэманың “Ояныў”, “Космостағы тозаң”, “Жатырқаў”, “Узақ жулдызлар”, “Мәңгилик босағасында”, “Мың булақтың басында”, “Скиф шатыры”, “Гөҳиҳап таўындағы геўгим” бөлимлери өз-ара көркем байланысады.

Ҳәзирги әдебий жөнелисте 70-жыллардың басында әдебиятқа келген поэзия ўәкиллеринен Ж.Избасқанов талантлы қәлем тербетпекте. Ҳәр қашанғыдай Ж.Избасқанов ҳәзирги дәўирде де өзи сүйип жырлайтуғын мухаббат, тәбият, Ўатан темаларын жырлаўға садық қалмақта.

Жийенбай Избасқанов поэзиясында Ўатан уллылығын,туўылған жер гөззалығын жырлайтуғын қосықлар айрықша итибарға ийе. Оның дөретпелеринен Ўатанның ҳәр бир

адам баласы ушын муқаддеслигин, киндик қаны тамған мәканға инсан хызмет етиўи, қорғаўы керек-лигин уққандай боласаң. “Мениң қуўанышым, сен-мениң дәртим!“ деп шайыр Ўатанға болған ширели сезимлерин қағазға түсиреди. Көркем сөз шебериниң қәлеминен дөреген барлық қосықлары, атап айтқанда,“Туўылған жерге“, “Туўған жердиң түтини,““Ағжап жағалығы“,“Балалық шағым“,“Аўыллар“, “Аҳ,аўылдың алтын ақшамлары!“, “Туўылған жердиң кең далалары...“,“Туўылған жер толғаўлары“, “Татлы екен аўыл тәрепте“ шығармалары оқыўшыны ойларға талдырып, ата мәканға сүйиўшилик сезимлерин тағы да арттырады.

Балалықта гүбелек қуўып,
Әрмансыз бир шалқыған жерлер,
Бәҳәрги сел сийнесин жуўып,
Жуўсан ийиси аңқыған жерлер...

×××

Қанша алыс кетсем -сонша сүйемен
Қос қанаты талған кеңликлеримди
Кетсем көллер, таўлардан асып,
Сапар шағы тынышым жойтаман.
Ҳәпте өтпей кеўлим қулазып,

Сағынышым қыйнап қайтарман

× × ×

Туўған жердиң кең далалары,

Сентябрьге ынтығар бул таң.

Қандай бахыт қуштарлық бары,

Бойда жигер, өмирге интаң!...

“Таллар, таллар“, “Сәрўи тал“, “Тебиренис“, “Айғабағарлар“, “Қозындай сексеўилдиң“ усаған дөретпелеринде де өзгеше сезимталлық пенен хеш кимди қайталамаған ҳалда сезим-туйғыларын қағазға төгеди, қубылысларды түсиндириўге ҳәрекет етеди. Сөз шебериниң үлкемиз мәўсимлерин сөз етиўши дөретпелери ҳәр биримизди заўықландырады.

Дурыс, пасылларды жанлы сыпатта қосықларға айландырыў ушын қаншадан-қанша сөз усталары урынған, тек қарақалпақ әдебиятында ғана емес, жәҳән әдебиятында да бул мазмундағы умтылыслар мәлим...

Жийенбай Избасқановтың гүз ҳаққында көркем қосықлар жарата алғанлығы айқын белгили. “Гүз ырғақлары“, “Гүз пайыты бул. Түн тымық“, “Әтирапта гүз“, “Гүздиң соңғы таңында“, “Гүзги ойлар“ ҳәм “Гүз рапсодиясы“ шығармаларын да гүз көриниси оғада

бир тәбийғый ҳалатта туўылған жерге деген муҳаббат сезими менен жүәи билинбестей жүпкерлестирип бериледи:

Сүттей аппақ әтираплар,

Ай сәўлеси қалқыйды.

Гүз ийиси аңқыйды.

Сытыр-сытыр жапырақлар …

Сентябрьдиң соңы

Салқын самаллар…

Қубылмалы ушқынындай алмаздың,

Жылтылдасып турар қуяш нурлары...

Жерге жапырақ емес, сағыныш төселер...

Бул қатарларды түсиниў ушын, түсиндириў ушын усы мүбәрек мәканда ингалап дүньяға келмегиң, орпаң топырақларда жалаң-аяқ асыр салып жүрмегиң, төсинди жел аймалап, табақтай ай толы ақшамларда кең далаларда сәйир қылмағың, сақый гүздиң көкирегине басынды қоймағың лазым…

Жийенбай Избасқановтың қарақалпақ шайыры сыпатындағы өзгешелигин, поэзиясындағы миллийлик қубылысын, миллий белгилерди уғыў ушын оның шығармаларын басқа қәлем ийелерининң туўындылары менен салыстырмақ зәрүр. Мысалы:

“Және жаўын,

Үзликсиз самал...

Бәҳәр балқыў ушын

Жаздың қойнында,

Өзин сейислейди...“- дейди қытай шайыры Син Цицизи

Ал, Ж.Избасқанов бәҳәри басқаша:

“Мен-бәҳәрмен...

Мен тырналарман.

Қуўаныштан сеслерим талып,

Гейде жаңбыр болып жыларман...“

“Көгисленип таллар әтирапта

Әсте ырғалар.

Гүмис тамшы туңғыш жапырақ та

Пәске сырғанар...“

Тәбияттың гөззал жамалын қағазға түсириў ушын шайырлық йош пенен бирликте перзентлик пидайы муҳаббат та керек екенлигин гейпаралар уға алмайды да! Дана ата-бабаларымыздың, шамшырақ баба-кәланларымыздың “Алты ай жазлар аман ба, алты ай қыслар аман ба?!“ деген даналық гәплериниң мағызын шағыў ушын да бул әжайып елатта адамзат әўлады болып туўылыўың керек. Әзелден лириканың қумарпазы болған адамлар арасында өсип-улғайыўың лазым.

“Қыс. Қыраўлы таңларда“, “Қысқы таң“, Соңғы қар“, “Аппақ-аппақ қыс қары“, “Қар“, “Сулыў қыздай қыс аппақ“ деп аталған қосықлар поэзия менен сырлас оқырман қәўимине заўық бағыш етеди,“кирпигиңе әсте ғана қонған соңғы қарлар“, “қысқы танда қарға көмилип гезиў ләззети“, “басы қардан арылмаған бәленттеги ақ шыңлардың“ саўлаты,“уйтқыған қарлы боранлар“, “йош болып қуйылған,қысқы татлы таңлардың аппақ қарлары“ оқыўшыға қозғаў салады. “Қыраўлы таңларда қардың қәдирин билмеймиз“ деп шайыр философиялық жуўмақ шығарыўға да шебер екенлигин поэзия ашығының есине салып қояды.

Әсиресе “Қызылқум дәптеринен“ дүркининдеги “Қыр қызы“, “Даўыл“, “Сексеўил“, “Қоян сүйек“, “Қумлардың бәҳәри“ дөретпелери ҳәммени қыялға шүмдиреди, “қус қанаты талған шексизликлер“, “сағыныштан сарғайған қумлар“, “қайсар қоян сүйеклер“, “батырлардай сексеўиллер“ гүллан саҳра перзентлериниң ата мәканға ықласын арттырады, ҳәр кимге усы шет-шебирсиз далалықлардың бир перзенти екенлингин еске салады.

Жийенбай Избасқанов инсан сезим-туўғыларының уллылығын тәриплеўге жалықпайтуғын шайыр. Әсирлер даўамында жәҳән әдебияты поэзиясында ўатанға муҳаббат пенен бирликте мәңгилик

тема болып киятырған адамға муҳаббат, яғный ышқының гөззаллығын, ҳәр бир кеўилде оның тәкирарланбас тулғаға ийе екенлигин қосықларында сөз етеди.“Көзлери - мәрўәрит,ләблери - ҳәсел“, “Сен алып кеткели кеўил гилтимди“, “Муҳаббат элегиялары“, “Сен-жубымыз қосылмаған жупласым“, “Көзлериндур“, “Хошласыў қосығы“,“Қыз“, “Көкирегиме қуўаныш бердиң“, “Әзийзим, сен басқаларға бол әрман“, “Тарқамай тур кеўил думаны“,“Айралық“ ҳәм “Излеймен сени“ қосықларында адамларға тән қурамалы сезимлер таң қаларлық дәрежеде көркем сүўретленгенлиги тәсийин қалдырады.

Жийенбай Избасқановтың поэзиясының жанрлық өзгешелигин үйренгенде өзгеше бир әдебий қубылыс дыққатқа сазаўар: бул оның “Япон хаккулерине усатпа“ дөретпеси.

“Ышқың сениң не деген ҳасыл?!

Көркиң көзим қуўантып турар,

Сөнегөрме, гүзги қуяшым!?“

Буны түсиниў мақсетинде тағы да япон поэзиясы үлгилери менен қызықсынамыз...

Улыўма, тәбият қубылысларының терең поэтикалық тебиренислердиң объекти болыўы, миллий бояўларда көринис табыўы бурын гезлесе бермейтуғын ҳәдийсе еди,жүрегинди

сызлатып жиберетуғын бул лирика оқыўшыларына эстетикалық заўық бағышлайды, олардың дәртине дәрман болды.

Сонлықтан поэзия изертлеўшилери оның “Бәҳәр“, “Бәҳәр жаңбыры“, “Апрель аспаны“, “Алтын гүз“ ҳ.т.б. лирикаларының әжайып екенлигине итибар бермекте.

Қарақалпақ оқыўшылары Жийенбай Избасқановтың лирикасын бар ықлас, интасы менен сүйип оқыйтуғынлығы рас. Оның айырым муҳаббат ҳәм пейзаж лирикасын Ўатанға болған сүйиўшилик толы шығармаларынан айырып қараўға болмайды:

Ўатан!
Сени бөлек санап көрмедим,
Үй толы перзентим,
Арзыўлы ярдан,
Ҳәмде шет-шебирсиз кең далалардан
Желлер жуўсан ийисин алып келгенин

Ўатанның бунындай түсиниги қарақалпақ поэзиясы ушын жаңалық. Бул шайырдың өзине тән ой-сезим кеширмелери. Ўатан сезими шайырдың лирикасында әзелден-ақ орын алған деўимизге болады.

Оның, бул лирикасының тамырлары ол ойнап-өскен аўылдың әтирапларынан ылай суўлы “Ағжап“ жағалығынан, қозы-ылақ

бағылатуғын аўыл шетиниң отлақларынан, ержетип киятырған қоңсы қыздың дәлепки күлкисинен, ата-ананың дәслепки алғысларынан излеймиз ҳәм табамыз.Сол ушын да Ж.Избасқановты есезимтал лирика шебери, муҳаббат ҳәм тәбият шайыры десе болады.

Ж.Избасқанов соңғы он жыллықларда эпикалық поэзияда да қәлем тербетип киятыр. Оның “Өтемис“, “Оқыўшыма, ямаса толқытқан ойлар“, “Камал“ шығармалары 80-90-жыллардағы қарақалпақ поэмашылығын тың пикирлер ҳәм жаңа формалық изленислер менен байытты.

# Жуўмақлаў

Ғәрезсизлик дәўир руўхый мәдений өмиримиздиң барлық салалары сыяқлы көркем әдебиятқа да үлкен нәпес алып келди. Көркем әдебият сиясатластырыў иллетинен қутылды, класслық, партиялық көз-қараслардан биротала ўаз кешти, оның орнына миллий ғәрезсизлик идеологиясы көз-қараслары, улыўма халықлық, улыўма инсанийлық көз-қараслар күшли ҳәўиж ура баслады, әдебиятта да халықлық принциплер қайта бой тиклеўи, миллий қәдриятларға кеўил бөлиниўи, әдебият ғәрезсилик дәўириниң турмысын сүўретлеўге әсет-ақырынлық пенен өтиўге қарады, дәўирге тән ҳәр қыйлы формалар, жанрлар пайда бола баслады.

Биз «Ҳәзирги әдебий жөнелистиң раўажланыўының тийкарғы бағдарлары» деп аталатуғын бул питкериў қәнигелик жумысымызда тийкарына төмендегидей мәселелерди шешиўди мақсет туттық:

1. Ҳәзирги дәўирдеги мәлений өмирге улыўма сыпатлама бериў.

2. Ҳәзирги дәўирдеги поэзияның тематикасын формалық, жанрлық өзгешеликлерин, идеялық бағдарын көрсетип бериў.

1991-жылы  бурынғы Аўқам аймағында, ҳәтте пүткил дүньяда үлкен сиясий өзгерислер жүз берди.

Бул жағдайлардың бәри Өзбекстан Республикасының, оның қурамындағы Қарақалпақстанның өз алдына ғәрезсиз мәмлекет болып бөлинип шығыўына алып келди. Солай етип, 1991-жылы 1-сентябрьде Өзбекстан өз алдына ғәрезсиз мәмлекет деп дағазаланды. Ғәрезсизликтиң шарапаты менен Қарақалпақстан да Өзбекстан қурамында суверен мәмлекетке айланды: өзиниң Конституциясына, гербине, байрағына, гимнине ийе болды. Өзбек тилине пүткил Өзбекстанда, қарақалпақ ҳәм өзбек тиллерине Қарақалпақстанда мәмлекетлик бийлик берилди. Миллий ғәрезсизлик идеологиясын раўажландырыўға тийкар салына баслады.

Қарақалпақ әдебиятында да Қазы-Мәўлик, Қасым Әўезов, Сейфулғабит, И.Фазылов дөретиўшиликлерине қайтадан баҳа бериле баслады. Узақ жыллар даўамында қуўдалаўға ушыраған “Едиге” дәстаны “халыққа қарсы шығарма” дегенге усаған жала жабылыўлардан тазартылып, халық қолына қайта қуўыстырылды.

Қарақалпақ әдебияты да ғәрезсизликтиң биринши күнлеринен баслап усындай қадаған етип тасланған темаларды халыққа көркем етип ашып бериў мәселесинде батыл үн қоса баслады, әдебиятта тоталитар жәмийет тусында “халық душпаны” сыпатында жазықсыз қамалып кеткен, яки ўатанын илажсыз тәрк етип, басқа журтларға бас паналаўға мәжбүр болған, бирақ халық, миллет мәпи ушын жан

пидә қылған адамлар тәғдири ҳаққында дәслепки шығармалар пайда болды. Гейпара шығармаларда бурын қадаған етилип тасланған темаларға қол урыў, халық тарийхына жаңаша көз жуўыртыў бағыты айқын сезилип турды. Заманагөй темада пайда болған шығармаларды да жаңа дәўирдиң епкини мәлим дәрежеде көринис тапты. Поэзия жанры ғәрезсизлик темасын сөз етиўге бирден тепершилик пенен кирисthe. Бул мәселелер лирика ҳәм поэмашылықта И.Юсуповтың “Мәмелек ой”, “Пасейдонның ғәзеби”, “Бүлбил уясы” поэмалары менен “Беглигинди бузба сен” топламына енгизилген қосықлары, Ш.Аяповтың “Жан ҳалаты” поэмасы, Б.Генжемуратовтың “Могихан сөзи, яки Қытай жипегине жазылған битим” тарийхый поэмасы, Н.Төрешова, М.Жуманазарованың қосықлары, әдебият изертлеў илими менен әдебий сында Ә.Пахратдинов, К.Мәмбетов, С.Баҳадырова, К. Алламбергенов, Қ. Оразымбетов, М. Бекбергенова ҳәм т. б. мақала ҳәм китаплары усындай руўхта жазылған шығармалар болды.

Көркем әдебият бул дәўирде жанрлық, формалық, көркемлик изленислерге қарай да унамлы бағдар алды. И.Юсупов “Пасейдонның ғәзеби” поэмасы менен поэзияда реалистлик ҳәм мифлик сүўретлеў усылын бирлестириў бағытын күшейтти.

Усындай излениўшиликлер жаслар дөретиўшилигинде де көринис таба баслады.

## Әдебиятлар дизими


1. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақиллик орфасида.-Т Өзбекистон, w012.

2. Каримов И.А. Узбекистон демократик тараққиетнинг янги босқичида.-Т:Ўзбекистон, 2005.

3. Дәўқараев Н. Шыармаларының толық жыйнаы 3-том, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979.

4. Алламбергенов К. Ҳәзирги әдебий жөнелис.-Нөкис: НМПИ киши типографиясы, 2003.

5. Алламбергенов К. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебияты.-Нөкис: НМПИ киши типографиясы, 2005.

6. Пахратдинов А., Алламбергенов К., Бекбергенова М. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис., 2011.

7. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақлапақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы.-Нөкис: Билим, 2004.

8. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақлапақ лирикасында көркем излениўшилик.-Нөкис: Билим, 1992.